

**Sondaj pou Rechèch Sipèentandan  
Distri Lekòl Santral East Ramapo**

Chè kolèg yo,

Konsèy Edikasyon an te chwazi Doktè Harold A. Coles, Sipèentandan Distri Southern Westchester BOCES, ansanm ak ekip administratif li a, pou sèvi kòm konsiltan rechèch nou yo epi sipèvize pwosesis sa a.

An kolaborasyon ak Doktè Coles, nou te kòmanse devlope yon plan ak yon delè, ansanm ak yon pwofil eksperyans ak bon jan kalite n ap chèche nan pwochen sipèentandan nou an. Pou ede nan efò sa a, nou envite ou patisipe nan yon ti sondaj. Konsèy la apresye opinyon ou epi li vle bay tout gwoup ki gen enterè yo opòtinite pou pataje vizyon yo sou kalite ki nesèsè nan yon nouvo lidè distri a, osi byen ke sou rèv ak objektif distri a pou ane k ap vini yo.

Tanpri klike sou lyen ki anba a pou patisipe epi pataje lide ou yo. Tout repons yo ap rete anonim epi yo ap trete kòm trè konfidansyèl. Sondaj yo dwe ranpli epi voye **anvan 5:00 p.m. Vandredi 31 Oktòb 2025.**

Konsèy Edikasyon Distri Lekòl Santral East Ramapo a pran angajman pou kenbe kominote lekòl nou an enfòmè pandan tout pwosesis rechèch la. Tanpri vizite sitwèb distri a, kote delè pwosesis rechèch sipèentandan an ap pibliye byento.

Mèsi anpil pou èd ou nan gwo responsabilite sa a.

Sensèman,

**Misye Shimon Rose**

Prezidan Konsèy Edikasyon

Distri Lekòl Santral East Ramapo



Scan the QR Code OR click [SURVEY](#)